

Fason pou Mande Konje Peye pou Fanmi

pou pran swen yon fanmi ki souffri yon maladi grav



Paid Family
Leave



Anvan ou aplike



Verifye kondisyon pou kalifye pou Konje Peye pou Fanmi (Gade nan paj ki vini apre a oswa ale sou sitwèb PaidFamilyLeave.ny.gov)



Planifye konje ou. Ou ka pran konje swa yon sèl kou oswa moso pa moso, men ou dwe pran li pa jou konplè.



Mete patwon ou okouran omwen **30 jou** avan konje a kòmanse, si ou ka prevwa li, sinon, mete patwon ou okouran pi vit posib.

Ranpli fòm ou yo epi mete dokiman ki obligatwa yo



Ranpli fòm **Demann pou Konje Peye pou Fanmi (Fòm PFL-1)**

- ☐ Ranpli seksyon pa ou a, fè yon kopi, epi bay patwon ou ranpli Pati B
- ☐ Patwon ou gen obligasyon pou li retounen Fòm PFL-1 ba ou nan yon delè **trwa (3) jou travay**. Si gen yon reta, ou pa oblije ret tann pou kontinye. Voyer **Fòm PFL-1** ou te ranpli a, ansanm ak rès dosye demann ou a, dirèkteman bay konpayi asirans la.



Ranpli **Pou Bay Enfòmasyon Sante Pèsonèl Selon Lwa Konje Peye pou Fanmi (Fòm PFL-3)**

- ☐ Fanmi ou (moun k ap resevwa swen an (ranpli **Fòm PFL-3** epi soumèt fòm nan bay pwofesyonèl swen sante li pou kenbe nan dosye li.
- Fòm sa a otorize yon pwofesyonèl swen sante pou li bay oumenm ak konpayi asirans patwon ou enfòmasyon sou pwoblèm sante grav manm fanmi ou an.
- Pa voye fòm sa a bay konpayi asirans lan.



Ranpli **Sètifikasyon Pwofesyonèl Swen Sante pou Swen yon Fanmi ak yon Pwoblèm Sante Grav (Fòm PFL-4)**

- ☐ Ranpli seksyon pa ou a, fè yon kopi, epi bay pwofesyonèl swen sante fanmi ou a fòm nan pou li ranpli.
- ☐ Mande pwofesyonèl swen sante a pou ranpli pòsyon pa li nan fòm lan epi remèt li ba ou pi vit posib.

Soumèt li bay konpayi asirans patwon ou an



Ou dwe soumèt dosye demann konplè ou a nan yon delè **30 jou** apre ou kòmanse konje ou a pou evite pèdi avantaj ou yo.

Kenbe yon kopi tout fòm ak dokiman pou dosye ou.

Voyer pa lapòs oswa pa faks **Fòm PFL-1, Fòm PFL-4** bay konpayi asirans travay ou a.

Si ou vle konnen kiyès ki konpayi asirans ou, ou ka:

- Chèche afich Konje Peye pou Fanmi ki nan travay ou a.
- Mande patwon ou.
- Sèvi ak aplikasyon pou chèche pwoteksyon travay ou a sou wcb.ny.gov pou w ka konnen kiyès ki konpayi asirans Konje Peye pou Fanmi travay ou a.

Si ou pa kapab detèmine konpayi asirans travay ou a, rele Liy Èd Konje Peye pou Fanmi an pou yo ede ou **(844) 337-6303** (lendi jiska vandre, 8:30 a.m. A 4:30 p.m.)

Tanpri PA soumèt dosye demann ou bay NYS Workers' Compensation Board

Se responsablite OU pou soumèt fòm yo bay konpayi asirans lan. Se PA responsablite patwon ou.



Enpòtan pou konnen

Nan pifò ka, konpayi asirans la dwe peye oswa refize bay avantaj nan yon delè 18 jou apre li resevwa demann konplè ou a oswa nan premye jou konje ou a, sa ki vini pi ta a. Yo p ap ka konsidere demann ou a pa konplè sèlman paske patwon ou pa te ranpli **Pati B** nan **Fòm PFL-1** nan yon delè twa (3) jou travay.

Si konpayi asirans lan refize oswa li pa peye avantaj ou yo a lè, oswa ou gen nenpòt ki lòt kontestasyon pou reklamasyon an, ou ka mande pou egzaminen aksyon konpayi asirans la. W ap jwenn plis enfòmasyon nan nyspfla.com.

Se yon Jij Lwa Komisyon Admiministrasyon Konpansasyon Travayè ki regle plent kont diskriminasyon yon patwon ou oswa revanch yo apre yon odyans. Si ou kwè patwon ou te fè diskriminasyon kont ou oswa li te pran revanch kont ou paske ou te pran oswa paske ou te mande Konje Peye pou Fanmi, ale sou PaidFamilyLeave.ny.gov oswa kontakte **(844) 337-6303**.



Kalifikasyon

- Ou ka pran konje pandan travay ou sekirize pou pran swen fanmi ou ki soufri yon maladi grav, epi sa pèmèt ou la pou pran swen pwòch ou lè li nan bezwen. Sa gen ladan, bay:
 - Swen fizik ki nesèsè
 - Sipò Emosyonèl
 - Vizit
 - Asistans nan tretman an
 - Transpò
 - Fè aranjman pou yon chanjman nan swen
 - Asistans ak zafè enpòtan nan lavi kotidyen
 - Sèvis asistan pèsònèl
- Fanmi ou ka pran konje pran swen yo se:
 - madan/mari
 - paran madanm/mari
 - moun ou plase ak li
 - granparan
 - pitit/pitit mari
 - pitit-pitit
 - oswa madanm
 - paran / bo paran
- Pifò anplwaye k ap travay nan Eta New York pou patwon prive yo kalifye pou yo pran Konje Peye pou Fanmi.
 - **Anplwaye ki travay atan plen yo:** Si ou travay regilyèman 20 èdtan oswa plis pa semèn pou yon patwon ki kouvri, ou kalifye apre 26 semèn youn apre lòt nan travay avèk patwon ou.
 - **Anplwaye ki travay atan pasyèl yo:** Si ou travay regilyèman mwens pase 20 èdtan pa semèn pou yon patwon ki kouvri, ou kalifye apre ou fin travay 175 jou pou patwon ou, epi sa pa bezwen youn apre lòt.
- Anplwaye pilbik ki pa reprezante yo ka kouvri si patwon yo te chwazi li menm pou ofri avantaj la. Anplwaye piblik ki pa reprezante yo ap kouvri sèlman si yo te negosye avantaj la nan negosyasyon kolektif.
- Yo pa gade si yon anplwaye se yon sitwayen ameriken ak/oswa sityasyon li ak imigrayson pou deside si li kalifye.
- Si ou kwè ou kalifye, ou ka aplike pou Konje Peye pou Fanmi epi konpayi asirans la ap pran yon desizyon.
- Si ou gen kesyon konsènan règ kalifikasyon yo, rele Liy Èd PFL la nan **(844) 337-6303**.

SONJE: Se responsablite OU pou soumèt fòm yo bay konpayi asirans lan. Se PA responsablite patwon ou.



Paid Family Leave

Mande Konje Peye pou Fanmi (Fòm PFL-1H) yo Enstriksyon

- Pou mande PFL, anplwaye k ap mande PFL la dwe ranpli Pati A *Demann pou Konje Peye pou Fanmi (Fòm PFL-1H)*. W ap bezwen reponn tout kesyon ki sou fòm nan amwenske yo make ou pa oblije reponn. Apresa, anplwaye a ap bay patwon li fòm nan pou ranpli Pati B.
- Patwon an ranpli Pati B nan *Demann pou Konje Peye pou Fanmi (Fòm PFL-1H)* epi remèt anplwaye a li nan twa (3) jou.
- W ap bezwen ranpli plis fòm selon kalite konje w ap mande a. Anplwaye ki mande konje a responsab pou ranpli fòm sa yo.
- **Anplwaye a soumèt *Demann pou Konje Peye pou Fanmi (Fòm PFL-1H)* nan tou ranpli ansanm ak lòt fòm li bezwen ranpli yo bay konpayi asirans PFL travay li a ki nan Pati B *Demann pou Konje Peye pou Fanmi (Fòm PFL-1H)*. Anplwaye a dwe kenbe yon kopi chak fòm li soumèt pou tèt li.**

PATI A - ENFOMASYON SOU ANPLWAYE A (pou anplwaye a ranpli)

Anplwaye k ap mande PFL la dwe ranpli tout enfòmasyon yo mande yo.

Demann pou Konje Peye pou Fanmi (PFL) (pou anplwaye a ranpli)

Kesyon 12: Yon pitit defini kòm pitit gason oswa pitit fi biyolojik, adopte, oswa ki plase nan yon fanmi dakèy, yon bofis oswa bèlf, timoun sou titèl, yon pitit gason oswa pitit fi yon moun ou plase ak li, oswa moun anplwaye a jwe wòl paran li. Yon paran defini kòm yon paran biyolojik, adoptif oswa fanmi dakèy, yon bèlmè, yon bòpè, on responsab legal, oswa lòt moun ki jwe wòl paran anplwaye a, lè anplwaye a se yon timoun.

Kesyon 13: Si dat yo "Kontinye", anplwaye a dwe bay dat kòmansman ak dat fen PFL la p mande a. Dat sa yo ta dwe dat PFL la ap kòmanse ak fini a vre. Si ou pa sèten, mete yon estimasyon dat kòmansman ak dat fen yo epi endike "Dat yo se on estimasyon". Si dat yo "Peryodik", mete dat w ap pran PFL yo. Tanpri mete dat egzat yo mezi li posib. Si ou pa konnen dat yo oswa ou mete yon estimasyon, endike

"Dat yo se yon estimasyon".

Si dat yo se yon estimasyon, konpayi asirans PFL la ka egziye pou ou soumèt yon demann pou peman **apre** ou fin pran PFL la. Y ap bezwen peye pou reklamasyon ki apwouve yo pi vit posit men li p ap janm plis pase 18 jou apre dat ou soumèt demann nan.

Kesyon 14: Si anplwaye a ap soumèt demann PFL la bay anplwayè li ak preyavi pou pi piti pase 30 jou avan dat PFL la kòmanse, anplwaye a dwe eksplike poukisa li pa te ka bay preyavi 30 jou. Si pa gen ase plas pou mete eksplikasyon an sou fòm nan, mete "gade dokiman separe ki vini ak fòm nan" epi kole yon fèy ki gen eksplikasyon ou ak fòm nan. Sonje mete non konplè anplwaye a ak dat nesans li sou tèt dokiman an..

Enfòmasyon sou Anplwaye a (pou anplwaye a ranpli)

Kesyon 16: Mete dat yo te anboche anplwaye a selon sa li sonje. Si gen plis pase yon ane depi yo te anboche anplwaye a, ou mèt jis mete ane li te kòmanse travay la.

Kesyon 18: Mete pi bon estimasyon salè brit mwayèn chak semèn nan. Mete sèlman salè ou touche nan men travay ki nan fòm demann sa a. **Salè brit se total ou touche chak semèn - ak tan siplemantè, poubwa, bonis, ak komisyon ladan- avan anplwayè a fè nenpòt dediksyon,** tankou taks federal oswa taks Eta a. Si patwon an pa ka bay enfòmasyon sa yo, men kijan anplwaye a ka kalkile revni li chak semèn avan dediksyon:

Etap 1: Ajoute tout salè brit ou te resevwa (avan nenpòt dediksyon) pandan wit (8) semèn ki sot pase yo avan PFL la te kòmanse, ak tan siplemantè ak poubwa ou te touche ladan. (*Al gade nan Etap 3 pou enstriksyon pou kalkile bonis ak / oswa komisyon.*)

Etap 2: Divize salè brit ou te kalkile nan premye etap la pa wit (8) (oswa kantite semèn ou te travay, si li pi piti pase wit (8)), pou kalkile salè mwayèn chak semèn nan.

Etap 3: Si anplwaye a te resevwa bonis ak / oswa komisyon pandan 52 semèn anvan PFL la, ajoute kantite

montan pwopòsyonèl chak semèn sou salè chak semèn mwayèn li. Pou detèmine kantite pwopòsyonèl chak semèn nan, ajoute tout bonis/komisyon ou te touche 52 semèn ki sot pase yo epi divize pa 52.

Egzanp kalkil yon salè brit chak semèn:

Semèn 1 - Salè brit ak tan siplemantè ladan	\$ 550
Semèn 2 - Salè brit	\$ 500
Semèn 3 - Salè brit	\$ 500
Semèn 4 - Salè brit	\$ 500
Semèn 5 - Salè brit	\$ 500
Semèn 6 - Salè brit	\$ 500
Semèn 7 - Salè brit ak tan siplemantè ladan	\$ 600
Semèn 8 - Salè brit ak tan siplemantè ladan	+ \$ 550
Total =	\$ 4,200
Divize pa 8	÷ 8
Mwayèn Salè Chak Semèn =	\$ 525
Bonis ou te resevwa nan 52 semèn ki sot pase yo	\$ 2,600
Divize pa 52	÷ 52
Bonis Chak Semèn pa Pwopòsyon =	\$ 50

Enstriksyon Fòm PFL-1H kontinye nan pwochen paj la

PATI A - ENFÒMASYON SOU ANPLWAYE A (pou anplwaye a ranpli) kontinyasyon paj ki te avan an**Enstriksyon Fòm PFL-1H kontinyasyon paj ki te avan an**

Salè Mayèn Chak Semèn	\$ 525
Bonis Chak Semèn kalkile o pro rata	+ \$50
Salè Mwayèn Chak Semèn (ak bonis ladan) =	\$ 575

N ap fè ou konnen patwon an oblije bay enfòmasyon sa yo nan Pati B nan *Demann pou Konje Peyè pou Fanmi (Fòm PFL-1H)*.

Si w ap soumèt fòm sa a davans: Endike si anplwaye a ap soumèt demann PFL yo davans. Lè nou di soumèt davans, sa vle di w ap soumèt aplikasyon an avan yon evènman ki kalifye, ak sèten enfòmasyon obligatwa ki manke paske ou pa konnen enfòmasyon an lè w ap soumèt li a. Si konpayi asirans la oswa travayè ki peye yon asirans pou kont li a

dakò pou soumèt li davans, w ap bezwen bay enfòmasyon ki manke yo kou ou konnen yo. Yo p ap ka detèmine avantaj yo avan ou bay tout enfòmasyon ki nesèsè yo.

Konpayi asirans PFL la oswa travayè a ki peye yon asirans pou kont li li a pral bay anplwaye a yon avètisman nan senk (5) jou ki 1) di reklamasyon an annatant; 2) idantifye ki enfòmasyon ki manke; 3) di li kijan pou li soumèt enfòmasyon ki manke yo. **Apre yo fin resevwa tout enfòmasyon yo, konpayi asirans PFL la oswa travay ki asire tèt li a ap gen 18 jou pou peye oswa refize reklamasyon an.**

Si konpayi asirans la oswa travay ki asire tèt li a pa dakò pou soumèt davans, konpayi asirans la oswa travay ki asire tèt li a dwe remèt Demann pou Konje Peyè pou Fanmi a nan senk (5) jou bay anplwaye a epi eksplikasyon ki di li sipoze soumèt aplikasyon an anko lè li gen tout enfòmasyon yo.

Anplwaye a ap siyen epi mete dat la sou fòm sa a avan li bay patwon li pou ranpli Pati B.

PATI A - ENFÒMASYON SOU TRAVAY LA (pou patwon an ranpli)

Patwon anplwaye k ap mande PFL la dwe reponn tout kesyon yo mande nan Pati B.

Kesyon 2: Si yo itilize yon Nimewo Sekirite Sosyal pou Nimewo Idantifikasyon Federal Anplwayè (Federal Employer Identification Number, FEIN), mete nimewo Sekirite Sosyal la.

Kesyon 3: Mete Kòd Klasman Endistriyèl Estanda (Standard Industrial Classification, SIC) patwon an. Kontakte konpayi asirans ou si ou pa konnen kòd SIC ou.

Kesyon 8: Ou ka jwenn kòd pwofesyon anplwaye a nan: www.bls.gov/soc/2018/major_groups.htm

Kesyon 9: Mete salè anplwaye a te touche pandan wit (8) semèn ki te pase avan dat kòmansman PFL la. Montan brit ou te peye a se salè brit anplwaye a touche chak semèn, ak nenpòt tan sipleman ak poubwa li te touche pou semèn sa a, plis montan o pro rata chak semèn nenpòt bonis oswa komisyon li te resevwa pandan 52 semèn ki sot pase yo. (Pou etap detaye yo, gade Kesyon 18 kòmanse nan paj 1 nan enstriksyon yo.) Pou kalkile salè mwayèn chak semèn brit la, ajoute montan brit ou te peye a, epi apresya divize li

pa wit (8) (oswa kantite semèn li te travay pou yo si li pi piti pase wit (8))

Kesyon 10: Si w pa chwazi "Wi" pou mande ranbousman nan men konpayi asirans lan, sa vle di ou abandone dwa ou pou jwenn yon ranbousman.

Kesyon 11a: 'Andikap' refere ak obligasyon lwa Eta New York konsènan andikap la. Si repons lan se "okenn," mete yon "0" pou total semèn ak jou yo nan Kesyon 12b.

Kesyon 11b: Maksimòm kantite semèn ki disponib pou obligasyon lwa Eta New York konsènan andikap ak PFL nan nenpòt peryòd 52 semèn se 26 semèn. Presize kantite total semèn, ansanm ak kantite jou an plis si konje a se pou yon pati nan yon semèn, li pran pou obligasyon lwa Eta New York pou andikap ak PFL pandan 52 semèn ki te avan yo.

Kesyon 13, 14 & 15: Mete non, adrès, ak nimewo kontra asirans konpayi asirans Konje Peyè pou Fanmi, oswa Andikap/PFL la. Si travay la asire pwòp tèt li, mete non ak adrès kote yo sipoze soumèt demann PFL la pou trete li.

Konfimasyon anplwaye a kalifye pou PFL: Yon anplwaye ki travay 20 èdtan oswa plis regilyèman chak semèn dwe nan travay la pou omwen 26 semèn youn dèyè lòt. Yon anplwaye ki travay mwens pase 20 èdtan regilyèman chak semèn dwe te travay 175 jou.

Patwon an siyen epi mete dat la sou fòm nan, epi li remèt li bay anplwaye k ap mande PFL la nan twa (3) jou.

Pa bliye ranpli lòt fòm PFL ki apwopriye yo selon kalite konje PFL y ap mande a.

Notifikasyon selon Lwa Pwoteksyon Vi Prive New York (Atik 6-A Lwa konsènan Fonksyonè Piblik) [New York Personal Privacy Protection Law (Public Officers Law Article 6-A)] ak Lwa Federal 1974 sou Konfidansyalite (Federal Privacy Act) (5 USC 552a).

Otorite Konsèy Konpansasyon Travayè (Konsèy lan) pou mande anplwaye yo pou yo bay enfòmasyon pèsònèl yo, ansanm ak nimewo sekirite sosyal ak nimewo idantifikasyon taks yo, soti nan otorite administratif Komisyon an dapre Lwa sou Konpansasyon Travayè (Workers' Compensation Law) seksyon 142. Nou kolekte enfòmasyon sa yo pou ede Konsèy la nan ankèt ak administrasyon reklamasyon nan fason ki pi rapid posib epi pou ede li kenbe dosye egzat. Se sèlman si ou vle ou bezwen bay nimewo sekirite sosyal ou oswa nimewo idantifikasyon taks ou bay Komisyon an. Komisyon an ap pwoteje konfidansyalite tout enfòmasyon pèsònèl nou gen sou ou. N ap pataje enfòmasyon yo sèlman nan avansman responsablite ofisyèl nou epitou dapre lwa leta ak lwa federal ki anvigè.



PATI A - ENFOMASYON SOU ANPLWAYE A (pou anplwaye a ranpli)

1. Non legal anplwaye a (prenon, inisyal dezyèm prenon, siyati)

2. Lòt siyati anplwaye te travay sou yo, si genyen

3. Adrès postal anplwaye a

Nimewo Kay:	
Vil, Eta	
Kòd postal	Pey (si se pa Etazini)

4. Nimewo Sekirite Sosyal oswa TIN Anplwaye a

			-				
--	--	--	---	--	--	--	--

5. Dat nesans anplwaye a (MWA/JOU/ANE)

		/			/				
--	--	---	--	--	---	--	--	--	--

6. Nimewo telefòn prensipal anplwaye a

(			)			-			
---	--	--	---	--	--	---	--	--	--

7. Adrès prefere anplwaye a pandan li sou PFL (si li genyen youn)

8. Sèks anplwaye a

☐ Gason	☐ Fi	☐ Pa te chwazi youn/Lòt
--------------------------------	-----------------------------	--

9. Lang prefere anplwaye a

☐ English	☐ Español	☐ Русский	☐ Polski
☐ 中文	☐ Italiano	☐ Kreyòl ayisyen	☐ 한국어
☐ Lòt			

Reponn si ou vle (pou rechèch)

10. Gwoup etnik / ras anplwaye a

Pou rezon demografik sante sèlman. (U.S. Centers for Disease Control and Prevention (CDC) code set, version 1.0.)

Èske anplwaye gen orijin Ispanik, Latino / a, oswa Panyòl? (Ou ka chwazi youn oswa plizyè kategori.)

- ☐ Meksiken
- ☐ Meksiken Ameriken
- ☐ Chikano / a
- ☐ Pòtoriken
- ☐ Dominiken
- ☐ Kiben
- ☐ Yon lòt orijin Ispanik, Latino / a, oswa Panyòl
- ☐ Pa gen orijin Ispanik, Latino / a, oswa Panyòl
- ☐ Pa konnen

Ki ras anplwaye a ye?

(Ou ka chwazi youn oswa plizyè kategori.)

- ☐ Endyen Ameriken oswa Natif Alaska
- ☐ Nwa oswa Ameriken Nwa
- ☐ Endyen Azyatik
- ☐ Chinwa
- ☐ Filipino
- ☐ Japonè
- ☐ Koreyen
- ☐ Vyetnamyen
- ☐ Lòt Azyatik
- ☐ Blan
- ☐ Natif Awayi
- ☐ Gwamanyen oswa Chamowò
- ☐ Samowen
- ☐ Lò moun Zile Pasifik
- ☐ Lòt ras

Demann pou Konje Peye pou Fanmi (PFL) (pou anplwaye a ranpli)

11. Rezon w ap mande PFL la: ☐ Pou pase tan ak pitit ☐ Pou pran swen fanmi ☐ Evènman militè ki kalifye

12. Sa fanmi an ye pou anplwaye a:

☐ Pitit	☐ Mari/Madanm/mari	☐ Patnè ki pa Marye	☐ Paran	☐ Bèlmè/Bòpè	☐ Granparan	☐ Pitit-pitit
--------------------------------	---	--	--------------------------------	-------------------------------------	------------------------------------	--------------------------------------

Fòm PFL-1H kontinye nan pwochen paj la



ANPLWAYE A DWE RANPLI PATI SA A

Non anplwaye a (prenon, inisyal dezyèm prenon, siyati)

Dat nesans anplwaye a (MWA/JOU/ANE)

 / /

PATI A - ENFÒMASYON SOU ANPLWAYE A (pou anplwaye a ranpli) kontinyasyon paj ki te avan an

Fòm PFL-1H kontinyasyon paj ki te avan an

13. Èske PFL la ap pou yon peryòd tan ki kontinye ak/oswa peryodik.

☐ Kontinye	Dat PFL la kòmanse (MWA/JOU/ANE)	Dat PFL la fini (MWA/JOU/ANE)	☐ Dat yo se yon estimasyon
	/ /	/ /	
☐ Peryodik	Idantifye dat peryodik w ap pran PFL la:		☐ Dat yo se yon estimasyon

14. Si w ap bay patwon an pi pitit pase 30 jou preyavi, tanpri eksplike:

Enfòmasyon sou Anplwaye a (pou anplwaye a ranpli)

15. Non biznis la

16. Dat yo te anboche anplwaye a (MWA/JOU/ANE)

 / /

17. Adrès travay anplwaye anplwaye

Vil, Eta	Kòd postal	Country (si se pa Etazini)

18. Salè mwayèn brit anplwaye a **chak semèn** (Nou pral mande ni anplwaye a, ni patwon an, enfòmasyon sa a)19. Nimewo patwon an pou kontakte li konsènan demann sa a () - 20a. Èske anplwaye gen plis pase yon sèl travay? ☐ Wi ☐ Non20b. Si repons la se wi, èske anplwaye a ap pran PFL nan lòt travay? ☐ Wi ☐ Non21. Èske anplwaye a ap resevwa Konpansasyon Travayè pou Salè li Pèdi nan moman sa a? ☐ Wi ☐ Non

Enfòmasyon n ap pataje: Nou pral bay patwon an enfòmasyon nou resevwa nan men anplwaye a konsènan avantaj PFL li resevwa, tankou peman li te resewa ak kalite konje a.

Deklarasyon ak siyati

Nenpòt moun ki depoze yon aplikasyon pou asirans oswa yon deklarasyon pou fè reklamasyon ak entansyon pou twonpe nenpòt konpayi asirans oswa lòt moun kote li bay enfòmasyon ki se manti, oswa li kache enfòmasyon pou twonpe, enfòmasyon konsènan nenpòt bagay enpòtan pou dosye sa a, epi li konnen sa l ap fè a, ap komèt yon zak fwod nan asirans, ki se yon zak kriminel, epi l ap gen yon sanksyon sivil ki pa gen dwa depase senk mil dola ak valè reklamasyon an pou chak vyolasyon.

M ap fè yon demann pou avantaj konje peye pou fanmi sou Lwa Konpansasyon Travayè Eta New York la. Depi mwen siyen sa vle di mwen konfime enfòmasyon mwen bay yo se verite epi yo egzat selon tout sa mwen konnen.

Siyati Anplwaye a

Dat li siyen an (JOU/MWA/ANE)

 / /

☐ M ap soumèt fòm sa a davans (gade enstriksyon pou lè w ap soumèt yon fòm davans). Mwen konprann konpayi asirans lan ap kontakte mwen pou di m kijan pou mwen soumèt enfòmasyon ki manke yo.

ANPLWAYE A DWE RANPLI PATI SA A

Non anplwaye a (prenon, inisyal dezyèm prenon, siyati)

Dat nesans anplwaye a (MWA/JOU/ANE)

 / /

PATI A - ENFÒMASYON SOU TRAVAY LA (pou patwon an ranpli)

1. Non legal konplè ak adrès biznis la

Non Biznis lan

Adrès postal

Vil, Eta

Kòd Postal

Peyi (si se pa Etazini)

2. FEIN Patwon an

 -

3. Kòd Klasman Endistriyèl (SIC) Patwon a

4. Non moun pou kontakte nan travay la pou kesyon ki gen pou wè ak PFL

5. Nimewo telefòn moun pou kontakte nan travay la (

6. Adrès imèl moun pou kontakte nan travay la

7. Dat yo te anboche anplwaye a (MWA/JOU/ANE)

8. Pwofesyon anplwaye a Kòd yo disponib nan: www.bls.gov/soc/2018/major_groups.htm

9. Mete salè brit pou 8 dènye semèn pou anplwaye a epi kalkile salè mwayèn brit chak semèn nan

Semèn nimewo	Dat Semèn nan Fini: (MWA/JOU/ANE)	Kantite jou li te travay	Salè brit li te touche
1			
2			
3			
4			
5			
6			
7			
8			
Salè mwayèn revni brit chak semèn kalifye:			

10. Si anplwaye a te resevwa oswa pral resevwa salè konplè pandan lisou PFL, èske patwon an ap mande ranbousman? ☐ Wi ☐ Non

Fòm PFL-1H kontinye nan pwochen paj la

ANPLWAYE A DWE RANPLI PATI SA A

Non anplwaye a (prenon, inisyal dezyèm prenon, siyati)

Dat nesans anplwaye a (MWA/JOU/ANE)

		/			/				
--	--	---	--	--	---	--	--	--	--

PATI A - ENFÒMASYON SOU TRAVAY LA (pou patwon an ranpli) - kontinyasyon paj ki te avan an

Fòm PFL-1H kontinyasyon paj ki te avan an

11a. Nan 52 semèn ki sot pase yo, èske anplwaye a te pran konje pou: ☐ Andikap Eta New York ☐ PFL
☐ Andikap ansanm ak PFL ☐ Okenn

11b. Mete kantite total semèn ak jou li te pran pou Andikap ak PFL nan 52 jou ki sot pase yo:

Andikap:	Semèn	Tanpri bay dat espesifik yo pou Andikap:
	Jou	
PFL:	Semèn	Tanpri bay dat espesifik yo pou PFL:
	Jou	

12. Èske anplwaye a ap pran konje Lwa sou Konje Familyal pou Rezon Medikal (Family Medical Leave Act, FMLA) ansanm ak PFL? ☐ Wi ☐ Non

13. PFL konpayi asirans lan ak adrès postal

Non konpayi asirans PFL la

Adrès postal

Vil, Eta

Kòd postal

Country (si se pa Etazini)

14. Nimewo telefòn konpayi asirans PFL la () -

15. Nimewo kontra asirans PFL la

Deklarasyon ak siyati

☐ Mwen konfime anplwaye a te travay 20 oswa plis èdtan regilyèman chak semèn epi li te nan travay la pou omwen 26 semèn youn dèyè lòt OSWA anplwaye a te travay mwens pase 20 èdtan chak semèn epi li te travay omwen 175 jou. Nenpòt moun ki depoze yon aplikasyon pou asirans oswa yon deklarasyon pou fè reklamasyon ak entansyon pou twonpe nenpòt konpayi asirans oswa lòt moun kote li bay enfòmasyon ki se manti, oswa li kache enfòmasyon pou twonpe, enfòmasyon konsènan nenpòt bagay enpòtan pou dosye sa a, epi li konnen sa l ap fè a, ap komèt yon zak fwod nan asirans, ki se yon zak kriminel, epi l ap gen yon sanksyon sivil ki pa gen dwa depase senk mil dola ak valè reklamasyon an pou chak vyolasyon.

Mwen se moun ki gen otorizasyon pou siyen kòm patwon anplwaye k ap mande PFL la. Depi mwen siyen sa vle di selon tout sa mwen konnen ak kwè, enfòmasyon mwen te bagay yo se verite epi yo egzat.

Siyati otorize patwon an

Dat li siyen an (JOU/MWA/ANE)

		/			/				
--	--	---	--	--	---	--	--	--	--

Tit

Enstriksyon Otorizasyon pou Pataje Enfòmasyon Selon Lwa Konje Peye pou Fanmi an (Fòm PFL-3H)

- Si yon anplwaye ap mande PFL pou pran swen yon fanmi ki gen yon pwoblèm sante grav, moun k ap resevwa swen an oswa yon reprezantan otorize dwe ranpli *Otorizasyon pou Pataje Enfòmasyon Selon Lwa Konje Peye pou Fanmi an (Fòm PFL-3H)* epi soumèt li bay pwofesyonèl swen sante yo ansanm ak yon kopi *Sètifikasyon Pwofesyonèl Swen Sante pou Swen Fanmi ak Pwoblèm Sante Grav (Fòm PFL-4H)*.
- *Otorizasyon pou Pataje Enfòmasyon Selon Lwa Konje Peye pou Fanmi an (Fòm PFL-3H)* la pèmèt pwofesyonèl swen sante an ranpli *Sètifikasyon Pwofesyonèl Swen Sante pou Swen Fanmi ak Pwoblèm Sante Grav (Fòm PFL-4H)* epi bay anplwaye k ap chèche avantaj PFL yo li.
- Avan li ranpli ak siyen, moun k ap resevwa swen an dwe li tout sa ki nan *Otorizasyon pou Pataje Enfòmasyon Selon Lwa Konje Peye pou Fanmi an (Fòm PFL-3H)* nèt.
- Anplwaye k ap mande PFL la ap soumèt *Demann pou Konje Peye pou Fanmi (Fòm PFL-1H)* ansanm ak *Sètifikasyon Pwofesyonèl Swen Sante pou Swen Fanmi ak Pwoblèm Sante Grav (Fòm PFL-4H)* bay konpayi asirans PFL travay li, oswa nan travay li si travay la asire pwòp tèt li, pou detèminasyon avantaj PFL.

NÒT: Pwofesyonèl swen sante a ap kenbe fòm sa a. Anplwaye a ta dwe fè yon kopi pou li kenbe pou tèt li avan li bay pwofesyonèl swen sante a li.

Moun k ap resevwa swen an oswa reprezantan otorize a siyen epi mete dat la.

Y ap bay pwofesyonèl swen sante moun k ap resevwa swen an fòm sa a ansanm ak *Sètifikasyon Pwofesyonèl Swen Sante pou Swen Fanmi ak Pwoblèm Sante Grav (Fòm PFL-4H)*.

OTORIZASYON POU PWOFESYONÈL SWEN SANTE BAY ENFÒMASYON SANTE PÈSONÈL YON FANMI KI GEN YON PWOBLEM SANTE GRAV (pou moun k ap resevwa swen an oswa reprezantan otorize li ranpli epi bay pwofesyonèl swen sante moun k ap resevwa swen an ak Fòm PFL-4H)

Anplwaye a mete non li, ak non ak dat nesans moun k ap resevwa swen an (pasyan an) sou tèt chak paj.

Non konpayi asirans PFL yo mande sou tèt fòm nan se menm konpayi asirans ki idantifye nan *Demann pou Konje Peye pou Fanmi (Fòm PFL-1H)* Pati B liy 13.

Moun k ap resevwa swen an oswa reprezantan otorize li dwe bay tout enfòmasyon yo mande ki gen pou wè ak yo.

Si yon moun k ap resevwa swen pa ka ranpli fòm sa a, yon reprezantan otorize dwe mete yon kopi dokiman legal, tankou yon pwokirasyon pou swen sante oswa yon manda, ki pèmèt reprezantan an siyen nan non mun k ap resevwa swen an. Pwofesyonèl swen sante a ap mande prèv otorizasyon sa a amwenske reprezantan otorize a se yon paran k ap siyen pou yon timoun minè.

Notifikasyon selon Lwa Pwoteksyon Vi Prive New York (Atik 6-A Lwa konsènan Fonksyonè Piblik) [New York Personal Privacy Protection Law (Public Officers Law Article 6-A)] ak Lwa Federal 1974 sou Konfidansyalite (Federal Privacy Act) (5 USC 552a).

Otorite Konsèy Konpansasyon Travayè (Konsèy lan) pou mande anplwaye yo pou yo bay enfòmasyon pèsonèl yo, ansanm ak nimewo sekirite sosyal ak nimewo idantifikasyon taks yo, soti nan otorite administratif Komisyon an dapre Lwa sou Konpansasyon Travayè (Workers' Compensation Law) seksyon 142. Nou kolekte enfòmasyon sa yo pou ede Konsèy la nan ankèt ak administrasyon reklamasyon nan fason ki pi rapid posib epi pou ede li kenbe dosye egzat. Se sèlman si ou vle ou bezwen bay nimewo sekirite sosyal ou oswa nimewo idantifikasyon taks ou bay Komisyon an. Komisyon an ap pwoteje konfidansyalite tout enfòmasyon pèsonèl nou gen sou ou. N ap pataje enfòmasyon yo sèlman nan avansman responsablite ofisyèl nou epitou dapre lwa leta ak lwa federal ki anvigè.



ANPLWAYE A DWE RANPLI PATI SA A

Non anplwaye a (prenon, inisyal dezyèm prenon, siyati)

Non moun k ap resevwa swen an (pasyan an)
(prenon, inisyal dezyèm prenon, siyati)

Dat moun k ap resevwa swen an (pasyan an) te fèt
(MWA/JOU/ANE)

	/		/			
----------------------	---	----------------------	---	----------------------	----------------------	----------------------

OTORIZASYON POU PWOFESYONÈL SWEN SANTE BAY ENFÒMASYON SANTE PÈSONÈL YON FANMI KI GEN YON PWOBLÈM SANTE GRAV (pou moun k ap resevwa swen an oswa reprezantan otorize li ranpli epi bay pwofesyonèl swen sante moun k ap resevwa swen an ak Fòm PFL-4H)

Mwen, Non moun k ap resevwa swen an (pasyan an), **otorize pwofesyonèl swen sante mwen non li sou fòm sa a pou**
pou pataje enfòmasyon sante pèsonèl mwen ak Non anplwaye a **ak**
konpayi asirans PFL travay yo Non konpayi asirans PFL la .

Dosye yo Pral Pataje: Fòm sa a bay pwofesyonèl swen sante non li endike a pèmision pou mete enfòmasyon nan dosye medikal ou sou sètifika medikal ki vini kole ak fòm sa a. Fòm sa a bay pwofesyonèl swen sante ou pèmision pou pataje sèlman enfòmasyon nan dosye medikal ou ki gen pou wè ak eta sante ou nan moman na, ki se rezon anplwaye a ap mande avantaj Konje Peye pou Fanmi a.

Kantite Tan Otorizasyon yo ka Anile sa a ap Dire: Otorizasyon sa a fini apre yon lane, oswa lè ou anile otorizasyon an. Ou ka anile otorizasyon sa a nenpòt ki lè. Pou anile li, voye yon lèt bay pwofesyonèl swen sante swen non li sou fòm sa a.

Fòm sa a PA otorize pwofesyonèl swen sante ou pou pataje kalite enfòmasyon sa yo, amwenske ou bay otorizasyon espesyalman pou pataje yo. Mete yon "X" akote nenpòt enfòmasyon sante pwofesyonèl swen sante ou kapab pataje:

☐ Enfòmasyon ki gen pou wè ak VIH/SIDA ☐ Enfòmasyon sou Sante Mantal ☐ Tretman alkòl/dwòg ☐ Not sikoterapi

Enfòmasyon sou Pwofesyonèl Swen Sante a (pou moun k ap resevwa swen oswa reprezantan otorize a ranpli)

Mete non pwofesyonèl swen sante k ap ba ou tretman pou pwoblèm sante ki fè anplwaye a mande avantaj PFL la.

1. Non pwofesyonèl swen sante a

2. Adrès postal pwofesyonèl swen sante a

Adrès postal

Vil, Eta

Kòd Postal

Peyi (si se pa Etazini)

3. Nimewo telefòn pwofesyonèl swen sante a (bay yon areyakòd oswa kòd peyi)

Fòm PFL-3H kontinye nan pwochen paj la



ANPLWAYE A DWE RANPLI PATI SA A

Non anplwaye a (prenon, inisyal dezyèm prenon, siyati)

Non moun k ap resevwa swen an (pasyan an) (prenon, inisyal dezyèm prenon, siyati)

Dat moun k ap resevwa swen an (pasyan an) te fèt (MWA/JOU/ANE)

 / /
OTORIZASYON POU PWOFESYONÈL SWEN SANTE BAY ENFÒMASYON SANTE PÈSONÈL YON FANMI KI GEN YON PWOBLÈM SANTE GRAV (pou moun k ap resevwa swen an oswa reprezantan otorize li ranpli epi bay pwofesyonèl swen sante moun k ap resevwa swen an ak Fòm PFL-4H) - kontinyasyon paj ki te avan an

Fòm PFL-3H kontinyasyon paj ki te avan an

Enfòmasyon sou Moun k ap Resevwa Swen an (pou moun k ap resevwa swen an oswa reprezantan otorize li ranpli)

4. Adrès postal moun k ap resevwa swen an

Adrès postal

Vil, Eta

Kòd Postal

Peyi (si se pa Etazini)

5. Nimewo Sekirite Sosyal moun k ap resevwa swen an

 - -

6. Nimewo telefòn moun k ap resevwa swen an (bay yon areyakòd oswa kòd peyi)

LI EPI SIYEN ANBA A

Mwen mande pwofesyonèl swen sante non li anwo a pou bay yon *Sètifikasyon Pwofesyonèl Swen Sante pou Swen Fanmi ak Pwoblèm Sante Grav (Fòm PFL-4H)* ranpli bay anplwaye non li sou fòm PFL-4H a. Mwen konprann enfòmasyon sa yo gen ladan yon dyagnostik ak pwonostik eta sante mwen nan nan moman an, dat li te kòmanse, ak nenpòt estimasyon kanite swen mwen bezwen nan men anplwaye k ap mande avantaj PFL la akòz eta sante mwen nan moman an.

Siyati moun k ap resevwa swen an

Dat li siyen an (JOU/MWA/ANE)

 / /

Reprezantan otorize

Ekri non an lèt detache

Mwen, _____, reprezante moun k ap resevwa swen an nan zafè sa a selon otorizasyon:

☐ Dwa parantal ☐ Manda (kole yon kopi) ☐ Lòd tribinal (kole yon kopi) ☐ Pwokirasyon swen sante (kole yon kopi).

Siyati reprezantan otorize

Dat li siyen an (JOU/MWA/ANE)

 / /

Anplwaye a dwe kenbe yon kopi pou tèt li.

Enstriksyon Sètifikasyon Pwofesyonèl Swen Sante pou Swen Fanmi ak Pwoblèm Sante Grav (Fòm PFL-4H).

Anplwaye k ap mande PFL pou pran swen yon fanmi ak yon pwoblèm sante grav la dwe soumèt *Sètifikasyon Pwofesyonèl Swen Sante pou Swen Fanmi ak Pwoblèm Sante Grav (Fòm PFL-4H)* ansanm ak *Demann pou Konje Peye pou Fanmi (Fòm PFL-1H)*.

Anplwaye:

- Anplwaye a mete non, dat nesans, lòt siyati yo te travay sou li si genyen, Nimewo Sekirite Sosyal oswa Nimewo Idantifikasyon Kontribyab (TIN), adrès postal, ak non ak dat nesans moun k ap resevwa swen an (pasyan an) sou tèt paj 1.
- Anplwaye a mete non li ak dat nesans li, ak non ak dat nesans moun k ap resevwa swen an (pasyan an) sou tèt paj 2.
- Anplwaye a bay pwofesyonèl swen sante a *Sètifikasyon Pwofesyonèl Swen Sante pou Swen Fanmi ak Pwoblèm Sante Grav (Fòm PFL-4H)* la.

SÈTIFIKASYON PWOFESEYONÈL SWEN SANTE POU SWEN FANMI AK YON PWOBLEM SANTE GRAV

(pou pwofesyonèl swen sante pou moun k ap resevwa swen an (pasyan an) ranpli epi remèt li bay anplwaye non li mansyone anwo a)

Pwofesyonèl swen sante a dwe bay tout enfòmasyon yo mande yo amwenske yo note li pa obligatwa.

Enfòmasyon sou Pasyan / fanmi ak pwoblèm sante grav la (pou pwofesyonèl swen sante pou moun k ap resevwa swen an (pasyan an) ranpli epi remèt li bay anplwaye non li mansyone anwo a)

Kesyon 2: Nou rekòmande ou bay kòd ICD-10 ki pa obligatwa a.

Pwofesyonèl swen sante a dwe ranpli seksyon Enfòmasyon sou Pasyan ak Pwofesyonèl Swen Sante yo nan *Sètifikasyon Pwofesyonèl Swen Sante pou Swen Fanmi ak Pwoblèm Sante Grav (Fòm PFL-4H)*.

Pwofesyonèl swen sante an siyen epi mete dat la sou fòm nan, epi li remèt li bay anplwaye k ap mande PFL la.

Si ou kwè pasyan an se viktim abi oswa neglijans anplwaye k ap mande PFL la te fè li, ou ka refize bay sètifikasyon sa a.

Anplwaye:

- Lè ou resevwa fòm *Sètifikasyon Pwofesyonèl Swen Sante pou Swen Fanmi ak Pwoblèm Sante Grav (Fòm PFL-4H)* nan men pwofesyonèl swen sante a, voye fòm ki tou ranpli a ansanm ak dokiman sipò yo bay konpayi asirans la.

Notifikasyon selon Lwa Pwoteksyon Vi Prive New York (Atik 6-A Lwa konsènan Fonksyonè Piblik) [New York Personal Privacy Protection Law (Public Officers Law Article 6-A)] ak Lwa Federal 1974 sou Konfidansyalite (Federal Privacy Act) (5 USC 552a).

Otorite Konsèy Konpansasyon Travayè (Konsèy lan) pou mande anplwaye yo pou yo bay enfòmasyon pèsonèl yo, ansanm ak nimewo sekirite sosyal ak nimewo idantifikasyon taks yo, soti nan otorite administratif Komisyon an dapre Lwa sou Konpansasyon Travayè (Workers' Compensation Law) seksyon 142. Nou kolekte enfòmasyon sa yo pou ede Konsèy la nan ankèt ak administrasyon reklamasyon nan fason ki pi rapid posib epi pou ede li kenbe dosye egzat. Se sèlman si ou vle ou bezwen bay nimewo sekirite sosyal ou oswa nimewo idantifikasyon taks ou bay Komisyon an. Komisyon an ap pwoteje konfidansyalite tout enfòmasyon pèsonèl nou gen sou ou. N ap pataje enfòmasyon yo sèlman nan avansman responsablite ofisyèl nou epitou dapre lwa leta ak lwa federal ki anvigè.



ANPLWAYE A DWE RANPLI PATI SA A

Non anplwaye a (prenon, inisyal dezyèm prenon, siyati)

Dat nesans anplwaye a (MWA/JOU/ANE)

/ /

Lòt siyati anplwaye a te travay sou yo, si genyen

Nimewo Sekirite Sosyal oswa TIN Anplwaye a

- -

Adrès postal anplwaye a

Adrès postal

Vil, Eta

Kòd Postal

Peyi (si se pa Etazini)

Non moun k ap resevwa swen an (pasyan an)
(prenon, inisyal dezyèm prenon, siyati)

Dat moun k ap resevwa swen an (pasyan an) te fèt
(MWA/JOU/ANE)

/ /

SÈTIFIKASYON PWOFEYONÈL SWEN SANTE POU SWEN FANMI AK YON PWOBLÈM SANTE GRAV

(pou pwofesyonèl swen sante pou moun k ap resevwa swen an (pasyan an) ranpli epi remèt li bay anplwaye non li mansyone anwo a)

Enfòmasyon sou Pasyan / fanmi ak pwoblèm sante grav la (pou pwofesyonèl swen sante pou moun k ap resevwa swen an (pasyan an) ranpli epi remèt li bay anplwaye non li mansyone anwo a)

1. Èske pasyan an bezwen swen nan men anplwaye k ap mande Konje Peye pou Fanmi (PFL) a?

☐ Wi ☐ Non (Si repons la se non, ale dirèkteman nan "Enfòmasyon Pwofesyonèl Swen Sante".)

Nòt: Pou seksyon sa a, "k ap bay swen" kapab gen ladan bagay ki nesèsè tankou swen fizik, sipò emosyonèl, vizit, asistans nan transpò, aranjman pou yon chanjman nan swen, asistans ak bagay moun nan bezwen fè chak jou, ak sèvis swen pèsònèl.

2. Kòd ICD-10 prensipal (ou pa oblije reponn)

3. Dyagnostik

4. Dat pwoblèm sante pasyan an te kòmanse (MWA/JOU/ANE) / /

5. Premye dat swen pou pasyan an nesèsè (MWA/JOU/ANE) / /

6. Dat pasyan an p ap bezwen swen ankò (MWA/JOU/ANE) / /

7. Estimasyon kantite jou pa semèn OSWA jou pa mwa pasyan an ap bezwen swen **OSWA**

Enfòmasyon Pwofesyonèl Swen Sante a (pou pwofesyonèl swen sante pou moun k ap resevwa swen an (pasyan an) ranpli epi remèt li bay anplwaye non li mansyone anwo a)

8. Non pwofesyonèl swen sante a

Fòm PFL-4H - Kontinyasyon paj ki te avan an



ANPLWAYE A DWE RANPLI PATI SA A

Non anplwaye a (prenon, inisyal dezyèm prenon, siyati)

Dat nesans anplwaye a (MWA/JOU/ANE)

		/			/				
--	--	---	--	--	---	--	--	--	--

Non moun k ap resevwa swen an (pasyan an)
(prenon, inisyal dezyèm prenon, siyati)Dat moun k ap resevwa swen an (pasyan an) te fèt
(MWA/JOU/ANE)

		/			/				
--	--	---	--	--	---	--	--	--	--

SÈTIFIKASYON PWOFESYONÈL SWEN SANTE POU SWEN FANMI AK YON PWOBLÈM SANTE GRAV (pou pwofesyonèl swen sante pou moun k ap resevwa swen an (pasyan an) ranpli epi remèt li bay anplwaye non li mansyone anwo a) - kontinyasyon paj ki te avan an

Fòm PFL-4H - Kontinyasyon paj ki te avan an

9. Kalite pwofesyonèl swen sante a:

- | | | |
|---|---|---|
| ☐ Doktè Medikal (MD) | ☐ Dantis (DDS/DDM) | ☐ Travayè Sosyal ak Lisans (LMSW/LCSW) |
| ☐ Doktè Osteyopati (DO) | ☐ Asistan Doktè (PA) | ☐ Lòt (presize) |
| ☐ Doktè Medsin Podyatrik (DPM) | ☐ Enfimyè Pratisyen (NP) | |
| ☐ Doctor Medsin Kiwopraktik (DC) | ☐ Sikològ ak Lisans | |

10. Adrès postal pwofesyonèl swen sante a

Adrès postal

Vil, Eta

Kòd Postal

Peyi (si se pa Etazini)

11. Nimewo telefòn pwofesyonèl swen sante a (bay yon areyakòd oswa kòd peyi)

12. Nimewo faks pwofesyonèl swen sante a (bay yon areyakòd oswa kòd peyi)

13. Adrès imèl pwofesyonèl swen sante a (si gen youn)

14. Eta oswa peyi (si se pa Ozetazini) pwofesyonèl swen sante an gen lisans pou pratike lamedsin

15. Espesyalite

16. Nimewo lisans pwofesyonèl swen sante a

Konfimasyon ak siyati

Nenpòt moun ki depoze yon aplikasyon pou asirans oswa yon deklarasyon pou fè reklamasyon ak entansyon pou twonpe nenpòt konpayi asirans oswa lòt moun kote li bay enfòmasyon ki se manti, oswa li kache enfòmasyon pou twonpe, enfòmasyon konsènan nenpòt bagay enpòtan pou dosye sa a, epi li konnen sa l ap fè a, ap komèt yon zak fwod nan asirans, ki se yon zak kriminel, epi l ap gen yon sanksyon sivil ki pa gen dwa depase senk mil dola ak valè reklamasyon an pou chak vyolasyon.

Depi mwen siyen sa vle di enfòmasyon mwen bay yo baze sou evalyasyon pwofesyonèl mwen nan limit lisans mwen otorize mwen.

Siyati pwofesyonèl swen sante a

Dat li siyen an (JOU/MWA/ANE)

		/			/				
--	--	---	--	--	---	--	--	--	--